

#12

YOUNG & BILINGUAL ™

KREYÒL  FRANÇAIS

NIVO


4

La Petite Pétra™

VIRIS KOWONA

ESPLIKASYON POU TI MOUN

CORONAVIRUS EXPLICATION POUR ENFANTS



Krystel Armand Kanzki

Ilistrasyon : Oksana Vynokurova

Revizyon : MIT-Ajiti



RETE KÈ POZE

EPI



LAVE MEN W

RESTE CALME

ET

LAVE-TOI LES MAINS

PARAN AK PWOFESE,

Konpliman dèske nou ankouraje pitit nou pou yo konn pale plizyè lang !

Se yon desizyon ki pral bay bon ranman pou tout lavi ti moun yo !
Rechèch montre ke, si yon ti moun aprann yon lang anvan li gen 6 an,
l ap pi fasil pou l rive pale lang lan kòm si li se yon natif natal. Epi tou,
rechèch montre ke ti moun ki bileng gen plis jèvrin nan kapasite yo kòm
aprenan.

Objektif nou nan konpayi **Young and Bilingual™**, se pou nou akonpaye ou
ak pitit ou yo oswa elèv ou yo, pou yo vin bileng byen bonè nan anfans
yo. Ilistrasyon yo bèl, epi tou yo gen anpil koulè. Chak liv gen mo vokabilè
ladan yo, lis mo outi ki sèvi nan liv la, ak espikasyon pou pwononsyasyon
plizyè son ki nan liv la.

Nou defini kat diferan nivo pou liv nou yo:

1 Preskolè- jaden d anfan

Lekti entèraktif, ideyal pou ti moun piti k ap dekouvri monn lan

2 Lekòl matènèl – premye ane fondamantal

Fraz ki senp, ki fèt pou ti moun ki pa ko konn li oswa k ap aprann li
(mwens pase 150 mo)

3 Jaden d anfan rive nan premye ane fondamantal

Istwa ki fèt pou ti moun ki fenk aprann li pou kont yo (mwens pase 300 mo)

4 Jaden d anfan rive dezyèm ane fondamantal

Istwa ki kout e ki prezante leson lavi ak dekouvèt kiltirèl (mwens pase 600 mo)



Young and Bilingual™ ofri materyèl
bileng GRATIS sou sit entènèt li a
www.lapetitepetra.com pou ede ou
ak pitit ou yo ak elèv ou yo vin
bileng. Nou akeyi fidbak ou pou nou
kontinye amelyore liv ak pwogram
nou yo. Rete an kontak avèk nou,
epi n swete tout ti moun yo ava
pwofite!

CHERS PARENTS ET ENSEIGNANTS,

Nous vous félicitons d'encourager vos enfants et élèves à devenir bilingues et à apprendre à lire en plusieurs langues ! C'est une décision qui portera ses fruits pendant de nombreuses années ! Les recherches ont montré qu'il est plus facile pour un enfant d'apprendre une nouvelle langue et adopter un accent natif avant l'âge de 6 ans. Les recherches montrent également que les enfants bilingues ont de meilleures capacités cognitives.

L'objectif de **Young and Bilingual™** est de vous accompagner ainsi que vos enfants ou élèves dans leur apprentissage des langues en étant petit. Les illustrations de chaque livre sont attrayantes, avec des couleurs vives. Chaque livre comprend des mots de vocabulaire bilingues, une liste de mots de l'histoire que les enfants doivent connaître, et le classement phonétique de quelques mots de l'histoire.

Nous avons défini quatre niveaux de développement dans nos livres :

1 préscolaire -maternelle

Lecture interactive, idéale pour les tout-petits qui découvrent le monde

2 de la maternelle au CP

Phrases simples, ouvrage idéal pour les pré-lecteurs qui commencent tout juste à apprendre à lire (moins de 150 mots)

3 de la maternelle au CP

Histoire courte, idéale pour les lecteurs autonomes débutants (moins de 300 mots)

4 de la maternelle au CE1

Petite histoire, qui comprend des leçons de vie et des découvertes culturelles (moins de 600 mots)

Young and Bilingual™ offre des ressources bilingues GRATUITES sur son site web www.lapetitepetra.com pour aider vos enfants et élèves à devenir bilingues. Faites-nous part de vos commentaires afin de nous permettre de continuer à améliorer nos ressources. N'hésitez pas à nous contacter, et surtout, bon apprentissage !



DEDIKAS

Nou dedye liv sa a bay tout fanmi tout kote sou latè ki te soufri dirèkteman oswa endirèkteman ak maladi kowona a. Fòk esperyans sa a ban nou pi plis fòs ak rezistans toujou.

REMÈSIMAN ESPESYAL

Pou tout ewo sou latè a k ap riske lavi yo pou pwoteje viktim KOVID-19 yo. Latè a se yon pi bon kote gras a nou menm.



DÉVOUEMENT

Ce livre est dédié aux familles du monde entier qui ont souffert directement ou indirectement du Coronavirus. Mon souhait est que nous trouvions un sens à cette expérience et que nous en sortions plus forts, plus résilients que jamais.

REMERCIEMENT SPÉCIAL

À tous les héros de ce monde qui ont mis leur vie en danger pour protéger les victimes de COVID-19. Nous vivons dans un monde qui est meilleur grâce à vous.



La Petite Pétra™

VIRIS KOWONA

ESPLIKASYON POU TI MOUN

Coronavirus
Explication pour enfants

Revizyon : MIT-Ayiti



Platfòm MIT-Ayiti

Pou yon lekòl tèt an wo

978-1-949368-54-3

Premye Piblikasyon: Janvie 2021
XPONENTIAL LEARNING INC
Copyright © 2020 Krystel Armand Kanzki

Tout dwa rezève. Okenn pati nan piblikasyon sa a pa dwe repwodwi, distribiye, oswa transmèt nan okenn fòm oswa pa nenpòt mwayen, sa enkli fotokopi, anrejistremman, oswa lòt metòd elektwonik oswa mekanik, san pèmision ekri alavans de Piblikatè a, eksepte nan ka yon sityasyon kout ke nou mete nan revyi kritik ak sèten lòt itilizasyon ki pa komèsyal lalwa sou dwa lotè yo pèmèt.




Krystel Armand Kanzki
Ilistrasyon : Oksana Vynokurova
Revizyon : MIT-Ayiti

Tout moun ap pale de viris kowona. Ki sa sa ye?



Tout le monde parle du Coronavirus.
Qu'est-ce que c'est ?

An ba yon mikwoskòp, viris la sanble yon kouwòn solèy.




Au microscope, le virus ressemble à une couronne de soleil.

Se yon viris
ki lakòz yon
maladi yo rele
KOVID-19.

C'est un virus qui
cause une maladie
appelée le
COVID-19.

Li fè anpil moun malad tout
kote sou latè.

COVID-19
COrona Virus
Disease 2019



Ce virus a rendu beaucoup de
personnes malades à travers le monde.

Vrèman? Èske w vle di moun ki sòti nan diferan peyi ka trape viris la?

Ah oui! Alors, quelque soit le pays d'où on sort, on peut attraper le virus?



Wi, kèlkeswa sa w sanble, laj ou, koulè w, kote w sòti oswa lang ou pale, ou ka trape viris sa a.



Oui! Peu importe à quoi on ressemble, notre âge, la couleur de notre peau, d'où on sort, ou la langue qu'on parle, on peut attraper le virus.

Ki jan viris la transmèt soti nan
yon moun rive nan yon lòt ?

Comment le virus se transmet-il
d'une personne à une autre ?



Lè yon moun ki kontamine ak
KOVID-19 touse, estènye, pale oswa
lè li respire bò kote lòt moun, li ka
lakòz lòt moun sa yo vin malad tou.



Lorsqu' un personne infectée avec le
COVID-19 tousse, éternue, parle ou
respire à côté d'autres personnes, elle
peut rendre ces personnes malades.

Ki jan sa a?



Si ti goutlèt ki sòti nan nen li oswa bouch li vin ateri nan bouch oswa nan nen moun ki tou pre l, enben, moun sa yo ka pran viris la tou epi yo ka tonbe malad.



Comment ?

Si les gouttelettes produites par le nez ou la bouche atterissent dans la bouche ou le nez de personnes à proximité, elles peuvent attraper le virus et tomber malades.

E si ti goutlèt la ateri sou men nou oswa sou bagay tankou tab, liv oswa telefòn?

TI MOUN,
CHÈCHE KONBYEN BAGAY
KI PRAL KONTAMINE.



LES ENFANTS, TROUVEZ
COMBIEN DE CHOSES
SERONT CONTAMINÉES.



Et si la gouttelette tombe sur notre main ou sur un objet, comme une table, un livre ou un téléphone ?

Bèl kesyon! Si yon ti goutlèt tonbe sou yon bagay, ou manyen bagay la, epi apre sa ou manyen je w, bouch ou oswa nen w ak men ki kontamine a, ou ka tou pran viris la epi w ka tonbe malad!



Bonne question ! Si une petite gouttelette tombe sur quelque chose, tu touches cette chose, puis tu te touches les yeux, la bouche ou le nez avec la main contaminée, tu peux toi aussi attraper le virus et tomber malade !


Ki jan w ka konnen si w gen viris kowona?



Comment savoir si on a le Coronavirus ?

Sentòm yo sanble ak lagrip :

Les symptômes sont similaires à ceux de la grippe :



Yon tous sèch,
ak gòj grate

Toux sèche qui
démange



Lafyè

Fièvre



Difikilte pou respire

Difficultés
à respirer

Èske tout moun ki vin gen viris
la dwe ale lopital?

Est-ce que tous ceux qui
contractent le virus
aboutissent à l'hôpital ?




Non, men, grandèt yo oswa moun ki deja
gen pwoblèm sante gen plis chans pou
yo vin malad anpil ak viris la.

Non, mais les personnes âgées
ou ayant déjà des problèmes de
santé ont plus de chance de
devenir très malades en
attrapant le virus.




Èske yon moun ki pa malad ak viris la ka fè yon lòt moun malad anpil?



Une personne qui ne tombe pas malade du virus peut-elle rendre quelqu'un d'autre très malade ?

Wi, sa ki pi grav, ou ka transmèt viris KOVID-19 menm si w pa konnen viris la nan kò w — paske w ka kontamine menm si w pa tonbe malad.

C'est pas tous ceux qui sont contaminés qui tombent malades. Donc, tu peux être porteur du COVID-19 et contaminer les autres sans le savoir.



Ki jan sa posib ?

Comment est-ce possible ?



Paske se pa tout moun ki gen viris la ki vin malad.

Parce que tout le monde ne montre pas de symptômes.

Dayè, se poutèt sa mwen pral ba w kèk konsèy ki ka anpeche ni nou ni moun ki bò kote w vin malad.

D'ailleurs, c'est la raison pour laquelle je vais partager avec toi quelques conseils pour t'empêcher à toi et ceux qui t'entourent de tomber malade.



l Lave men w ak savon

Lave-toi les mains avec du savon


a Fè savon a kimen anpil!

Assure-toi que le savon fait de la mousse




b Lave men w pandan 20 segonn pou pi piti

Lave-toi les mains pendant au moins 20 secondes



c Lave men w lè w sot nan twalèt
oswa lè w nan kote piblik (plas
piblik, magazen, taptap)

Lave-toi les mains après avoir utilisé les
toilettes et quand tu es dans des lieux
publics (place publique, magasins, transport
public)



2

Estènye nan koud ou

Éternue dans ton coude



tankou yon lougawou



comme un vampire

tankou yon danseur



comme un danseur

3

Evite manyen je w, bouch ou
ak nen w!

Évitez de te toucher les yeux, la
bouche et le nez !





Fè tou sa nou
kapab pou nou
rete lakay nou,
SITOU SI NOU
MALAD.

Fais tout ce que tu peux pour éviter
de sortir,
SURTOUT SI TU ES MALADE.



Pou ki sa ?

Pourquoi ?



Pou diminye kantite moun ki
nan sitiyasyon kote youn ap
kontamine lòt.

Pour réduire le
nombre de
personnes qui
peuvent s'infecter
les unes les
autres.



E si m
bezwen sòti?

Et s'il me faut
sortir ?

Si w sòti, fòk ou mete yon mask
(kach nen) epi pratike distans
sosyal : kanpe lwen lòt moun!

Si tu sors, mets un masque et
pratique la distanciation
sociale : garde une distance
avec les autres !



Pou ki sa fòk nou tout mete kach nen lè nou pran lari?



Pourquoi doit-on porter un masque quand on quitte la maison ?

Kach nen ka bloke pifò nan ti goutlèt ki ka enfekte yon moun. Lè nou tout mete kach nen, se youn k ap pwoteje lòt, kòm sa dwa.



Le masque peut bloquer la plupart des gouttelettes infectées d'une personne. Quand nous tous mettons un masque, nous nous protégeons l'un l'autre.



Moun ki
kontamine ak
KOVID-19*

Moun ki an
sante

Nivo
pwoteksyon

Porteur du
COVID-19*

Personne
en Santé

Niveau de
Protection



ti kal

un peu



pi plis

plus



anpil

beaucoup

METE KACH NEN!

Menm si maladi KOVID-19 la
sou ou, ou p ap pase li bay
lòt moun.




PORTE UN MASQUE !

Même si tu es porteur du
COVID-19, tu ne propageras pas
la maladie.



Ou ka fè kach nen ki ka itilize plizyè fwa. Sa ki pi enpòtan, se pou w kouvri nen w ak bouch ou.

Tu peux, toi-même, créer un masque réutilisable. Le plus important est de se couvrir le nez et la bouche.



Si w sòti, li enpòtan pou chanje kach nen chak 2-3 è d tan. Lave li epi pase fè sou li apre chak fwa li fèk sèvi.

Si tu sors, c'est important de changer de masque toutes les 2-3 heures, le laver et repasser après chaque usage.

Fòk nou pratike distans sosyal.

Nous devons également pratiquer la distanciation sociale.

Fòk nou kenbe yon distans 2 mètr pou pi piti ant nou menm ak lòt moun. Kon sa, ti goutlèt moun ki estènye p ap rive jwenn nou.

Ki sa sa vle di?



Qu'est-ce que c'est ?



6 ft / 2 m



Garder une distance d'au moins 2 mètre entre nous et tout autre personne afin que les gouttelettes d'une personne infectée ne puissent pas nous atteindre.

Èske m ta dwe enkyè?

Dois-je m'inquiéter?



Gen anpil moun tou patou
sou latè k ap travay anpil
tou lè jou pou yo pwoteje w.



Il y a beaucoup de gens à travers le monde
qui travaillent dur pour nous protéger.

Ou pa bezwen enkyete w, men, fòk ou fè travay pa w : lave men w, mete kach nen, pratike distans sosyal epi fè tès si ou gen sentòm. Kon sa, w ap ka pwoteje tèt ou, fanmi w ak zanmi w!

Tu n'as donc pas à t'inquiéter, mais fais ta partition en te lavant les mains, en pratiquant la distanciation sociale et prend un test de dépistage si tu as des symptômes afin de te protéger et protéger ta famille et tes amis !



Ou ka fè yon diferans!



Tu peux faire la différence!

N a wè pi ta !

A bientôt !



VOKABILÈ BIENG OU
VOCABULAIRE BILINGUE



kouwòn
couronne



malad
malade



goutlèt
gouttelette



men
main



tab
table



liv
livre



telefòn
téléphone



je
yeux



nen
nez



bouch
bouche



savon
savon



mask (kach nen)
masque

SERI DEKOUVÈT AYITI

Nan seri sa a, Petra ak Lili ap dekouvri peyi yo, Ayiti, ak kilti ayisyen ki rich anpil.

W ap jwenn liv nivo 1, 2, 3 ak 4 pou adapte ak bezwen pitit ou a oswa elèv ou yo ! Fè nou konnen ki lòt pati peyi d Ayiti oswa kilti ayisyen ou ta renmen Petra ak Lili eksplòre !

N ap jwenn kesyon konpreyansyon pou istwa a nan resous gratis sou sit entènèt nou !



Vous trouverez des questions de compréhension gratuites dans la section ressources de notre site Web !

SÉRIE DÉCOUVERTE D'HAÏTI

Dans cette série, Pétra et Lili découvrent leur pays, Haïti, et sa riche culture.

Vous trouverez des livres de niveau 1, 2, 3 et 4 adaptés aux besoins de votre ou vos élèves ! Faites-nous savoir quelles autres parties d'Haïti ou de la culture haïtienne vous aimeriez que Pétra et Lili explorent !

Koleksyon liv bileng nou ofri liv an espanyol-anglè ak liv an fransè-anglè epi gen plizyè liv ki disponib an fòm odyo pou ti lektè nou yo !

Vizite sit wèb nou an www.lapetitepetra.com pou wè tout tit nan koleksyon nou an.




Notre série de livres bilingues inclut également des livres en Créole-Anglais et Espagnol-Anglais. De plus, certains de nos livres sont disponibles en format audio pour accompagner nos jeunes lecteurs dans leur apprentissage ! Visitez notre site web www.lapetitepetra.com pour voir tous nos titres !



an
5-10

KREYÒL

Petra ak Lili esplike lektè yo ki sa viris kowona a ye e ki jan li ka sòti sou yon moun rive sou yon lòt. Yo montre ki prekosyon nou ka pran pou n pa atrape viris la epi tou pou n pa pwopaje l.



FRANÇAIS

Pétra et Lili expliquent aux enfants ce qu'est le Coronavirus et comment il se transmet d'une personne à l'autre. Ils nous montrent ce qu'il faut faire pour se protéger pour éviter d'attraper et de propager le virus.



Lekti entèraktif, ideyal pou ti moun piti k ap dekouvri monn lan



Fraz ki senp, ki fèt pou ti moun ki pa ko konn li oswa k ap aprann li (mwens pase 150 mo)



Istwa ki fèt pou ti moun ki fenk aprann li pou kont yo (mwens pase 300 mo)



Istwa ki kout e ki prezante leson lavi ak dekouvèt kiltirèl (mwens pase 600 mo)